# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
29.05.2004-ж. №268/II

# ЖЕКЕ КӘРХАНА ҲАҚҚЫНДА

Усы Нызамға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген
29.08.2006-ж. 94/III–санлы ҚР Нызамы
25.04.2009-ж. 240/III–санлы ҚР Нызамы
28.12.2013-ж. 187/XIV–санлы ҚР Нызамы

## I. Улыўма режелер

### 1-статья. Усы Нызамның мақсети

Усы Нызамның мақсети жеке кәрханалардың дүзилиўи, ҳәрекети, қайта шөлкемлестирилиўи ҳәм сапластырылыўы саласындағы қатнасықларды муўапықластырыў болып табылады.

### 2-статья. Жеке кәрхана ҳаққындағы нызам актлери

Жеке кәрхана ҳаққындағы нызам актлери усы Нызам ҳәм басқа да нызам актлеринен ибарат.

### 3-статья. Жеке кәрхана

Мүлк ийеси болған жеке физикалық шахс тәрепинен дүзилген ҳәм басқарылатуғын коммерциялық шөлкем жеке кәрхана деп тән алынады. Жеке кәрхана исбилерменлик субъектлеринин шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый түри болып табылады.

Жеке кәрхана өз меншигинде өз алдына мүлкке ийе болады, өзиниң атынан мүлклик ҳәм жеке мүлклик емес ҳуқықларға ийе болыўы жәнe оларды әмелге асырыўы, миннетлемелерди орынлаўы, судта даўагер ҳәм жуўапкер болыўы мүмкин.

Жеке кәрхана өз миннетлемелери бойынша өзине тийисли барлық мүлки менен жуўап береди.

Жеке кәрхананың меншик ийеси кәрхананың мүлки жетерли болмаған жағдайда жеке кәрхананың миннетлемелери бойынша өзине қараслы мүлк пенен нызам актлерине муўапық субсидиар (қосымша) жуўапкер болады.

### 4-статья. Жеке кәрхананың фирмалық атамасы

Жеке кәрхана толық фирмалық атамасына ийе болыўы шәрт ҳәм қысқартылған фирмалық атамаға ийе болыўға ҳақылы. Жеке кәрхананың толық фирмалық атамасы оның толық атамасын ҳәм «jeke ka'rxana» деген сөзлерди өз ишине алған болыўы керек.

Жеке кәрхананың қысқартылған фирмалық атамасы оның қысқартылған атамасын ҳәм «jeke ka'rxana» деген сөзлерди ямаса «JK» аббревиатурасын өз ишине алыўы керек.

**5-статья. Жеке кәрхананың банк есап бетлери**

Жеке кәрхана Өзбекстан Республикасы аймағында ҳәм оннан тысқарыда нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте банк есап бетлерин ашады.

**6-статья. Жеке кәрхананың мөри**

Жеке кәрхана өзиниң толық фирмалық атамасы мәмлекетлик тилде жазылған ҳәм жеке кәрхананың жайласқан жери көрсетилген мөрге ийе болыўы керек. Мөрде бир ўақыттың өзинде оның фирмалық атамасы басқа тилде де көрсетилиўи мүмкин.

**7-статья. Жеке кәрхананың штамплары ҳәм бланкалары**

Жеке кәрхана өзиниң фирмалық атамасы жазылған штампларына ҳәм бланклерине, өз эмблемасына сондай-ақ белгиленген тәртипте дизимнен өткерилген товар белгисине җәне көзге тасланып туратуғын басқа да идентификациялық қуралларға ийе болыўға ҳақылы.

## II. Жеке кәрхананы дүзиў ҳәм оны мәмлекетлик дизимнен өткериў

**8-статья. Жеке кәрхананың дүзиў тәртиби**

Жеке кәрхана меншик ийеси тәрепинен дүзиледи, меншик ийеси оған тийисли мүлк ажыратады ҳәм оның уставын тастыйықлайды.

Жеке кәрхана, егер оның уставында басқаша реже белгиленген болмаса, шекленбеген мүддетке дүзиледи.

**9-статья. Басқа юридикалық тәреплерди шөлкемлестириў**

Жеке кәрхананың ўәкилханалары ҳәм филиаллары

Жеке кәрхана нызам актлеринде белгиленген тәртипте басқа юридикалық тәреплердиң шөлкемлестириўшиси болыўға ямаса олардың уставлық қорында басқаша рәўиште қатнасыўға, ўәкилханалар ашыўға ҳәм филиаллар дүзиўге ҳақылы.

**10-статья. Жеке кәрхананың уставы**

Жеке кәрхананың уставы оның шөлкемлестириўшилик ҳүжжети болып табылады.

Жеке кәрхананың уставында төмендегилер көрсетилиўи керек:

кәрхананың фирмалық атамасы;

оның жайласқан орны ҳәм почталық мәкан жайы ҳаққында мағлыўматлар;

тийкарғы жумыс түрлериниң дизими;

меншик ийесиниң фамилиясы, аты, әкесиниң аты ҳәм жасаў орны;

уставлық қорының муғдары.

Жеке кәрхананың уставы нызам актлерине қарсы келмейтуғын басқа да режелерди өз ишине алыўы мүмкин.

**11-статья. Жеке кәрхананы мәмлекетлик дизимнен өткериў**

Жеке кәрхана мәмлекетлик дизимнен өткерилген ўақыттан баслап юридикалық шахс статусына ийе болады.

Жеке кәрхананы мәмлекетлик дизимнен өткериў нызам актлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

**12-статья. Жеке кәрхананың уставлық қоры**

Жеке кәрхананың уставлық қоры бөлинбейди ҳәм оны меншик ийесиниң өзи белгилейди.

Ақша, баҳалы қағазлар, ақша менен баҳаланатуғын басқа да мүлк ямаса мүлклик ҳуқықлар яки басқа шахсқа берилетуғын өзге ҳуқықлар жеке кәрхананың уставлық қорына қосылатуғын үлес болыўы мүмкин. Меншик ийеси жеке кәрхананың уставлық қорына өзи киргизетуғын мүлкти өз бетинше баҳалайды.

Егер жеке кәрхананың уставлық қоры қәлиплестирилип атырғанда меншик ийеси өз шаңарақ ағзаларының улыўма (үлесли ямаса биргеликтеги) мүлки есапланатуғын мүлкти кәрханаға берип атырған болса, усы мүлктиң барлық меншик ийелеринен нотариал тастыйықланған келисимин алыў талап етиледи.

**13-статья. Жеке кәрхананың уставлық қорын көбейтиў ҳәм кемейтиў**

Жеке кәрхананың уставлық қорын көбейтиў ҳәм кемейтиў меншик ийесиниң шешими бойынша жеке кәрхананың уставына өзгерислер киргизиў жолы менен әмелге асырылады.

Егер екинши финанс жылының ҳәм оннан кейинги ҳәр бир финанс жылының жуўмағында жеке кәрхананың сап активлериниң баҳасы оның уставлық қорынан кем болып шықса, жеке кәрхана өзиниң уставлық қорын өзиниң сап активлери баҳасынан аспайтуғын муғдарда кемейтиўи шәрт.

Жеке кәрхананың сап активлериниң баҳасы нызам актлеринде белгиленген тәртипте анықланады.

## III. Жеке кәрхананы басқарыў

**14-статья. Жеке кәрхананы жеке өзи басқарыў**

Жеке кәрхананың меншик ийеси кәрхананы басшы сыпатында жеке өзи басқарады, оның атынан исеним қағазсыз жумыс алып барады, оның мәпдары есапланды, жеке кәрхананың ақша қаржыларына жәнe басқа да мүлкине бийлик етеди, шәртнамалар, соның ишинде мийнет шәртнамаларын дүзеди, исеним қағазларын береди, банклерде есап бетлерин ашады, штатларды тастыйықлайды, кәрхананың

барлық хызметкерлери ушын миннетли болған буйрықларды шығарады ҳәм көрсетпелер береди.

**15-статья. Жеке кәрхананың меншик ийесиниң ҳуқықлары ҳәм миннетлемелери**

Жеке кәрхананың меншик ийеси төмендеги ҳуқықларға ийе:

жеке кәрхананың уставына нызам актлеринде белгиленген тәртипте өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў;

жеке кәрхананы қайта шөлкемлестириў ҳәм сапластырыў ҳаққында шешим қабыл етиў;

жеке кәрхананың салықлар ҳәм басқа да мәжбүрий төлемлер төленгеннен кейин қалған пайдасынан өз ықтиярынша пайдаланыў;

жеке кәрханаға тийисли мүлкти басқа шахсқа бериў, ижараға бериў, гиреўге қойыў, басқа юридикалық шахслардың уставлық қорына үлес сыпатында киргизиў ямаса усы мүлкке басқаша усылда бийлик етиў.

Жеке кәрхананың меншик ийеси нызам актлерине муўапық басқа да ҳуқықларға ийе болыўы мүмкин.

Жеке кәрхананың меншик ийеси:

уставлық қорын қәлиплестириўге;

өзине қараслы кәрхананы жеке өзи басқарыўға миннетли.

Жеке кәрхананың меншик ийеси жуўапкершилигинде нызам актлерине муўапық басқа да миннетлемелер болыўы мүмкин.

**16-статья. Жеке кәрхананы ўақытша басқарыў**

Жеке кәрхананың меншик ийеси, өзи ўақытша болмаған жағдайда усы мүддетте басшылық ўазыйпасын атқарып турыўды басқа физикалық шахсқа жүклеў ҳаққында жазба түрде шешим қабыл етеди. Жеке кәрхананың меншик ийеси ўақытша басшының жеке кәрхананың мүлкине бийлик етиўге байланыслы ҳуқықын шеклеп қойыўы мүмкин.

**17-статья. Меншик ийесиниң жеке кәрхананың басшысы ўазыйпасын атқара алмаўы**

Қайтыс болыўы, иске жарамсызлығы, иске жарамлылығы шекленгенлиги ямаса бийдәрек жоғалған деп табылғанлығы ақыбетинде меншик ийесиниң жеке кәрхананың басшысы ўазыйпасын атқарыўы мүмкин болмай қалған жағдайда, жеке кәрхананы басқарыў пуқаралық нызам актлерине ҳәм жеке кәрхананың уставына муўапық әмелге асырылады.

## IV. Жеке кәрханадағы мийнет қатнасықлары

**18-статья. Жеке кәрхананың жумыс бериўшиси ҳәм хызметкери арасындағы өз-ара қатнасықлар**

Жеке кәрхана (жумыс бериўши) ҳәм жеке кәрхананың хызметкери арасындағы өз-ара қатнасықлар мийнет ҳаққындағы нызам актлерине муўапық мийнет шәртнамасы (контракт) пенен тәртиплестириледи.

**19-статья. Жеке кәрханада мийнетке ҳақы төлеў**

Жеке кәрхана өз хызметкерлерине мийнет ҳақы, сыйлықлар ҳәм компенсация төлеўдиң түрлери, системасы және муғдарын нызам актлерине муўапық өз бетинше белгилейди.

Жеке кәрханада мийнет шәртнамасы (контракт) бойынша ислеп атырған шахслардың мийнетине ҳақы төлеў тәреплердиң келисиўине қарай, бирақ нызам актлеринде Мийнетке ҳақы төлеўдиң бирден-бир тариф сеткасының биринши разряды бойынша белгиленгенинен кем болмаған муғдарда белгиленеди. *(ҚР ЖК 28.12.2013-ж. 187/XIV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**20-статья. Жеке кәрхананың хызметкерлерин социаллық қорғаў**

Жеке кәрхана өз хызметкерлерине қәўипсиз мийнет шараятларын, социаллық қорғаў илажларын тәмийинлеўге миннетли ҳәм олардың өмири ямаса ден саўлығына келтирилген зыян ушын нызам актлеринде белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

Жеке кәрхана өз хызметкерлери ушын нызам актлеринде белгиленгенге қарағанда жеңилликли мийнет ҳәм социаллық-экономикалық шараятларды өз бетинше белгилеўге ҳақылы.

## V. Жеке кәрхананың еркин ҳәрекетиниң кепилликлери

**21-статья. Жеке кәрхананың мүлкиниң национализация ҳәм реквизиция етилиўине жол қойылмаўы**

Жеке кәрхананың мүлки национализация етилмейди, нызамда нәзерде тутылған жағдайлар буған кирмейди.

Жеке кәрхананың мүлки реквизиция етилмейди, жеке кәрхананың меншик ийесине реквизиция исленип атырған мүлктиң базар баҳасына тең компенсация төленетуғын тәбийий апатшылықлар, авариялар, эпидемиялар, эпизоотиялар ҳәм басқа да айрықша жағдайлар буған кирмейди.

**22-статья. Жеке кәрхананың еркин ҳәрекети**

Жеке кәрхана нызам актлерине муўапық қәлеген жумыс түрлерин әмелге асырады.

Жеке кәрхана келисимлер дүзиўде еркин.

**23-статья. Жеке кәрханаларға қолланылатуғын жеңилликлер, преференциялар ҳәм кепилликлер**

Жеке кәрханаларға исбилерменлик субъектлери ушын нызам актлеринде нәзерде тутылған жеңилликлер, преференциялар ҳәм кепилликлер бериледи.

**24-статья. Жеке кәрханаға салық салыўдың өзине тән өзгешеликлери**

(ҚР ЖК 25.04.2009ж.240/III Нызамы менен биринши бөлими алып тасланды)

Жеке кәрхананың пайдасы салықлар ҳәм басқа да мәжбүрий төлемлер төленгеннен соң оның ийесиниң бийлигине өтеди ҳәм оған салық салынбайды.

**25-статья. Жеке кәрханының жумысын тексериўди шеклеў**

Жеке кәрхананың жумысын тексериў қадағалаўшы уйымлар тәрепинен ең көби еки жылды бир мәрте, белгиленген тәртипте әмелге асырылыўы мүмкин, нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған жағдайлар буған кирмейди.

Жеке кәрханалардың, киши исбилерменлик субъектлериниң финанс–хожалық жумысын жобалы тексериўлер ең көби менен төрт жылда бир мәрте, ал басқа да жеке кәрханалардың финанс–хожалық жумысын жобалы тексериўлер ең көби менен үш жылда бир мәрте әмелге асырылады.

Жаңадан шөлкемлестирилген жеке кәрханалар - киши исбилерменлик субъектлериниң финанс-хожалық жумысы олар мәмлекетлик дизимнен өткерилген ўақыттан баслап дәслепки үш жыл даўамында режели тексериўлерден өткизилмейди, бул статьяның төртинши бөлиминде нәзерде тутылған жағдайлардан тысқары.

Акциз төленетуғын товарлар ислеп шығарыўшы жаңадан шөлкемлестирилген жеке кәрханалар - киши исбилерменлик субъектлериниң финанс-хожалық жумысы, сондай-ақ жеке кәрханалар - киши исбилерменлик субъектлериниң бюджет ҳәмде орайластырылған қәрежетлер ҳәм ресурслардан мақсетли пайдаланыў менен байланыслы финанс-хожалық жумысы олар мәмлекетлик дизимнен өткерилген ўақыттан баслап дәслепки еки жыл даўамында жобалы тексериўлерден өткизилмейди.

## VI. Жуўмақлаўшы режелер

**26-статья. Жеке кәрханалардың бирлесиўи**

Жеке кәрханалар өз ҳуқық ҳәм мәплерин қорғаў мақсетинде нызамға муўапық ассоциацияларға (аўқамларға) ҳәм басқа да бирлеспелерге биригиўи мүмкин.

**27-статья. Жеке кәрхананы басқа шахсқа өткериў**

Жеке кәрхананың меншик ийеси жеке кәрхананы мүлк комплекси сыпатында сатыўға, саўға етиўге, мийрас етип қалдырыўға ямаса оны басқаша усылда басқа шахсқа өткериўге ҳақылы.

Жеке кәрхана басқа шахсқа берилген жағдайда өзиниң фирмалық атамасынан, товар белгилеринен, хызмет көрсетиў белгилеринен және усы жеке кәрхана ҳәм оның өнимин, ол атқарып атырған жумысларды ямаса көрсетип атырған хызметлерди индивидуалластырыўшы басқа қураллардан пайдаланыў ҳуқықлары, егер нызам актлеринде ямаса шәртнамада басқаша реже нәзерде тутылған болмаса, жаңа мүлк ийесине өтеди.

**28-статья. Жеке кәрхананы қайта шөлкемлестириў ҳәм сапластырыў**

Жеке кәрхана оның меншик ийеси ямаса судтың шешимине муўапық, нызам актлеринде белгиленген тәртипте қайта шөлкемлестирилиўи ямаса сапластырылыўы мүмкин.

**29-статья. Тартысларды шешиў**

Жеке кәрханалардың дүзилиўи, жумыс алып барыўы, қайта шөлкемлестирилиўи ҳәм сапластырылыўы саласындағы тартыслар нызам актлеринде белгиленген тәртипте шешиледи.

**30-статья. Жеке кәрхана ҳаққындағы нызам актлерин бузғанлығы ушын жуўапкерлик**

Жеке кәрхана ҳаққындағы нызам актлерин бузыўда айыплы болған шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.